

## BAB V

### KACINDEKAN, IMPLIKASI JEUNG RÉKOMÉNDASI

Dina ieu bab eusina ngeunaan kacindekkan, implikasi, jeung rékoméndasi panalungrtikan. Sangkan leuwih jéntré, ieu di handap kacindekkan, implikasi, jeung rékoméndasi dina ieu panalungrtikan.

#### **5.1. Kacindekan**

Data rumpaka tembang nu aya tina buku *Tembang jeung Kawih* kapanggih aya sabelas rumpaka, nyaéta *Papatet, Mupu Kembang, Degung Manintin Sérang, Manangis, Dangdanggula (Dalem Pancaniti), Dangdanggula, Pangrawit, Pamuradan, Panglenyap, Sanga Gancang*, jeung *Macan Ucul*. Tina éta sabelas judul tembang nu kapanggih, dibagi deui aya nu dumasar wangun pupuh, aya nu dumasar wangun sajak bébas sarta aya nu wangupta sisindiran.

Rumpaka nu aya dina wangun pupuh nyaéta pupuh Kinanti dina tembang *Degung Manintin Sérang* jeung *Pangrawit*. Rumpaka nu dumasar pupuh Sinom nyaéta tembang *Manangis*. Rumpaka nu dumasar pupuh Dangdanggula nyaéta tembang *Dangdanggula (Dalem Pancaniti)*, jeung *Dangdanggula*. Pamungkas rumpaka nu dumasar pupuh Asmarandana nyaéta tembang *Pamuradan*. Salian ti éta, aya rumpaka nu dumasar wangun sajak bébas kapanggih aya opat nyaéta *Papatet, Mupu Kembang, Panglenyap, Sanga Gancang* jeung *Macan Ucul*.

Ditilik tina segi struktur fisik, dina rumpaka nyampak tata rupa, diksi, imaji, kecap kongkrit, basa figuratif, jeung vérifikasi. Imaji anu kapanggih réréana nyaéta imaji visual jeung imaji taktil. Basa figuratif anu kapanggih réréana ngagunakeun gaya basa kadalon jeung gaya basa mijalma. Tina segi eusi rumpaka, réa kapanggih yén pangarang ngagunakeun kecap kongkrit, nu matak ngagampangkeun pamaca dina maham tur nyangking ma'na.

Saupama ditilik tina struktur batinna, dina ieu rumpaka nyampak téma, rasa, nada, jeung amanat. Téma anu kapanggih réréana patali jeung rasa cinta ka lemah cai jeung kamanusaan. Tina hal rasa, réa kapanggih nu patali jeung kasedih, harepan, jeung kanyaah. Nada, anu kasampak réa ngagunakeun nada ngadidik, ngajak sarta ngaageuingkeun ka pamaca. Anapon tina hal amanat, dina ieu rumpaka réa kapanggih sangkan pamaca kudu tetep inget ka lemah cai sorangan, kudu ngarakska tur ngariksa alam sabudeureun.

Salian ti éta ngaran tempat nu kapanggih tina sabelas judul tembang di luhur nyaéta aya opat puluh ngaran tempat. Lolobana ngaran tempat nu kapanggih téh dumasar aspek fisikal jeung aspék non fisikal. Aya 27 ngaran tempat anu dumasar aspék fisikal nu kabagi deui jadi tilu unsur nyaéta: 10 ngaran tempat nu kaasup unsur hidrologis, 12 ngaran tempat nu kaasup unsur géomorfologis, jeung 5 ngaran tempat nu kaasup unsur biologis. Salian ti éta, aya 12 ngaran tempat anu dumasar aspék non fisikal, kalawan kabagi kana dua unsur nyaéta: 7 ngaran tempat nu kaasup unsur sosial jeung 5 ngaran tempat dumasar aspék kultural. Pola méré ngaran tempat nu aya dina rumpaka tembang ilaharna dumasar kana unsur-unsur nu aya di alam, kayaning cai, tutuwuhan, sasatoan jrrd.

### **5.2. Implikasi**

Implikasi dina ieu panalungtikan ngeunaan tembang Sunda Cianjur tina buku nu judulna *Tembang jeung Kawih* medar perkara unsur toponimi nu aya dina rumpaka tembang. Salian ti éta, ieu hasil panalungtikan dipiharep bisa méré informasi ngeunaan struktur fisik jeung batin nu aya dina rumpaka tembang. Kitu ogé tina widang toponimina dipiharep bisa méré informasi perkara unsur-unsur toponimi nu aya dina rumpaka tembang.

### **5.3. Rékomendasi**

Tina hasil panalungtikan nu dilakukeun aya sababaraha saran nu miboga udagan pikeun ngaronjatkeun hasil aprésiasi kana karya sastra. Saran nu baris ditepikeun nyaéta, pikeun mahasiswa, guru, pamaréntah, jeung masarakat. Pikeun panalungtik saterusna nyaéta mahasiswa Program Studi Pendidikan Bahasa Sunda, ieu panalungtikan téh museur ka hiji jenis tembang nu aya di tatar Sunda nyaéta tembang Sunda Cianjur. Tapi, sakumaha nu dipikanyaho yén dina tembang réa ngandung unsur-unsurna. Nu dijadikeun panalungtikan tina unsur nu aya dina tembang di dieu nyaéta unsur toponimi atawa ngeunaan ngaran patempatan. Pikeun panalungtik satulunya bisa medar ngeunaan sakumna tembang Sunda Cianjur atawa tembang jenis nu séjén kayaning Ciawian atawa Cigawiran. Dina éta pedaran bisa ngaguar ngeunaan unsur toponimi nu leuwih teleb deui. Sabab, dina rumpaka tembang loba pisan ngaran-ngaran patempatan.

Pikeun guru, dipiharep ieu panalungtikan téh bisa jadi sarana pikeun diajarkeun ka barudak perkara tembang. Salian ti éta, panalungtikan nu patali jeung struktural bisa dijadikeun bahas pangajaran dina widang sastra. Pikeun pamaréntah dipiharep bisa leuwih ngalengkepan deui arsip-arsip sarta dokuméntasi ngeunaan tembang Cianjur, sangkan ngagampangkeun pamaca dina nyangking pangaweruh ngeunaan tembang Sunda. Salian ti éta, bisa jadi hal nu nyadarkeun pamaréntah ngeunaan pentingna ngaraksa, ngariksa tur ngamumulé budaya sorangan.

Pikeun masarakat umum dipiharep ayana aprésiasi sarta leuwih wanoh deui kana tembang Sunda, ngaliwatan ngayakeun acara-acara pasanggiri, diskusi atawa *talkshow* ngeunaan tembang Sunda, masarakat geus ngawanohkeun sarta ngamumué kana éta budaya atawa kasenian Sunda.